

PANGENALAN SATO KELAS AVES DI DAERAH LEUWEUNG GUNUNG TANGKUBAN PARAHU KABUPATEN BANDUNG BARAT JAWA BARAT

Ku: Bendika Ilman Nur

145040115

RINGKESAN

Kaayaan sababaraha jenis avés ayeuna beuki kaancam jeung jumlahna beuki nyaeutikan. Aya ngeunaan 153 rupa avés di Indonésia anu kaayaan kaancam. Panalungtikan ieu tujuanna nyaéta pikeun nangtukeun macem-macem avés anu aya di daérah leuweung Gunung Tangkuban Parahu Kabupatén Bandung Barat, Jawa Barat, nyaéta di sabudeureun jalur pendakian Jayagiri - Tangkuban Parahu. Jalur anu dianggo jadi tempat pengamatan nyaeta ngaliwatan hutan pineus sareng hutan campuran. Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif nganggo désain panalungtikan titik hitung. Titik hitung diwangun ku 11 titik nganggo jarak 300 m. Di lokasi ieu aya 15 macem aves anu kaasup ordo Passeriformes, 2 macem anu kaasup ordo Columbiformes, 2 macem anu kaasup ordo Cuculiformes, 1 macem aves anu kaasup ordo Falconiformes, jeung 1 macem aves ti ordo Acciptriformes,. Total sadaya avés anu tiasa di identifikasi nyaeta aya 22 macem. Ordo anu pang seueurna katingal nyaéta ti ordo Passeriformes sareng anu pang saeutikna katingal nyaeta ti ordo Acciptriformes

Kata Konci: Spésiés, Avés, Titik Hitung, Gunung Tangkuban Parahu